

## Vin patisipe nan yon aktivite sou admisyon nan lekòl segondè!

Chè fanmi,

Nou kontan anpil pou envite w patisipe avèk nou nan yonn nan sesyon enfòmasyon vityèl nou yo k ap gen pou fèt sou admisyon nan lekòl segondè nan Vil nouyòk! Nou ankouraje tout fanmi ki gen timoun nan klas 8yèm ane pou patisipe. Pwosis admisyon nan lekòl segondè a ap ouvri **madi, 1ye oktòb 2024.**

Pandan sesyon sa yo, w ap aprann kòman pou eksplòre lekòl segondè yo ak kreye yon aplikasyon ki balanse, kòman pou enskri pou egzamen Specialized High Schools Admissions Test (SHSAT), kòman pou fè odisyon pou pwogram art, paegzanp nan LaGuardia High School, ak kòman yo fè òf yo. Aprè chak prezantasyon, n ap reponn kesyon ou genyen.

### DAT YO FIKSE:

- **Lendi 30 septanm (6pm–7pm) - Lekòl segondè espesyalize ki bay egzamen:** Kòman pou enskri pou pran egzamen SHSAT ak kòman lekòl sa yo fè òf. Gen entèprètasyon disponib nan: Bangla, Chinwa (Mandaren), Panyòl ak Lang an siy Ameriken (ASL).
- **Madi 8 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè:** Yon rezime pwosis admisyon an, depi kòman pou ale nan kont MySchools ou a rive nan meyè estrateji pou ranpli aplikasyon an. Gen entèprètasyon disponib nan: Arab, Kreyòl Ayisyen, Ris, ak ASL.
- **Madi 10 oktòb (5pm–6pm) - Fowòm paran:** Vin patisipe avèk nou nan yon sesyon plis konvèsasyon. N ap pale sou sijè espesifik konsènan admisyon nan lekòl segondè nou konnen ou vle gen plis enfòmasyon sou yo.
- **Mèkredi 16 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè pou elèv ki gen andikap.** Gen entèprètasyon disponib nan: Chinwa (Mandaren), Panyòl ak ASL.
- **Jedi 17 oktòb (6pm–7pm) - Lekòl segondè espesyalize ki bay egzamen.** Gen entèprètasyon disponib nan: Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, ak ASL.
- **Mèkredi 23 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè, an Panyòl.**
- **Madi 24 oktòb (6pm–7pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè, an Chinwa (Mandaren).**

- **Mèkredi 30 oktòb (5pm–6pm) - aktivite jeneral sou admisyon nan lekòl segondè.** Gen entèprètasyon disponib nan: Bangla, Fansè, Oudou, ak ASL.

**KÒMAN POU PATISPE NAN NENPÒT SESYON:**

- Vin patispe avèk nou sou Zoom lè w klike <https://bit.ly/2024FallHSEvents> nan kòmansman chak aktivite
  - ID Webinar: 941 9185 4852
  - Modpas: 123456 oswa
  - Pou odyo nan telefòn:
    - US +16465588656
    - Liy konferans: 94191854852#
    - Passcode 123456#

**REMAK ENPÒTAN:** [schools.nyc.gov/HS](https://schools.nyc.gov/HS) epi klike sou seksyon Sesyon enfòmasyon sou admisyon “Admissions Information Sessions” avan aktivite a kote w ap jwenn nimewo telefòn pou rele pou mande entèprèt nan chak lang .

N ap tann pou w patispe avèk nou nan aktivite nou yo epi nou ankouraje w rete branche, [schools.nyc.gov/HS](https://schools.nyc.gov/HS).

Nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl nan [HSEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:HSEnrollment@schools.nyc.gov).

Bon siksè,  
Ekip admisyon lekòl segondè a  
Biwo enskripsyon elèv



**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w ta renmen retire non w pou w pa resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).